

Pwogram dapre Evalyasyon

Pwogram sa yo evalye aplikan dapre nòt yo fè nan klas, rezilta egzamen ofisyèl yo, prezans ak ponktyalite. Lè yo yo di yon pwogram admèt elèv dapre evalyasyon, sa vle di pwogram sa a gen yon kritè objektif yo itilize pou evalye yon elèv pou admisyon.

Evalyasyon Akademik

Evalyasyon akademik nivo elve a mande jeneralman:

- 85-90% (minimòm) nan pi fò matyè debaz
- Rezilta egzamen nivo 3-4
- Bon prezans ak ponktyalite

Evalyasyon akademik mande jeneralman:

- 70-80% (minimòm) nan pi fò matyè debaz
- Rezilta egzamen nivo 2-4
- Bon prezans ak ponktyalite

Anplis, kèk pwogram evalye aplikan tou nan youn oswa plis nan bagay sa yo

Aktivite	Deskripsyon
Modèl disètasyon	<ul style="list-style-type: none"> • Kapab genyen nenpòt (oswa nenpòt melanj) bagay sa yo: <ul style="list-style-type: none"> ○ Yon tèks ekri ke pwofesè nan lekòl ou a deja korije ○ Yon tèks ou ekri “nan menm moman an” lè ou vizite lekòl segondè a ○ Yon tèks ou pran tan pa w pou ekri dapre sa lekòl segondè a mande w • Lekòl ka mande yon tèks pèsònèl oswa yon reyaksyon sou yon sitasyon, yon evenman kouran oswa istorik, oswa sou kèk lòt sijè
Entèvyou	<ul style="list-style-type: none"> • Yo kapab fè l separe oswa an gwoup • Yo kapab fè l tankou yon konvèsasyon estriktire (avèk kesyon espesifik) oswa yon konvèsasyon kelkonk (avèk dyalòg ale vini)
Aktivite an gwoup	<ul style="list-style-type: none"> • Kapab gen rezolisyon pwoblèm angwoup, kolaborasyon ak rakonte istwa • Lekòl kapab evalye kòman elèv reyaji avèk elèv parèy yo
Egzamen Evalyasyon/Dyagnostik pou Kalifikasyon	<ul style="list-style-type: none"> • Nenpòt egzamen evalyasyon oswa dyagnostik pou kalifikasyon yo mande pou pwogram dapre evalyasyon yo fèt anndan lekòl la (sa vle di ke chak lekòl kreye ak bay pwòp evalyasyon yo) • Ou PA sipoze konfonn evalyasyon ki fèt nan lekòl la avèk Specialized High Schools Admissions Test (SHSAT) a, ki obligatwa pou antre nan uit lekòl segondè espesyalize yo
Pòtfolyo Akademik	<ul style="list-style-type: none"> • Yon koleksyon travay akademik, anndan oswa atravè matyè yo • Tcheke avèk lekòl yo pou kondisyon espesifik
Aktivite sou entènèt	<ul style="list-style-type: none"> • Kapab gen yon disètasyon oswa yon egzanp tèks alekri • Kapab genyen videyo sou entènèt, lekti, imaj, oswa lòt materyèl jan yo mande sa

Yo mete aktivite ki obligatwa pou pwogram dapre evalyasyon yo nan “Kritè Seleksyon,” ki anba chak pwogram nan Anyè Lekòl Segondè.